



KHUTBAH JUM'AT

**PENGURUS CABANG
NAHDLATUL ULAMA CILACAP**





JALMA ANU BAKAL MEUNANG PITULUNG ALLAH

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ، نَحْمَدُهُ، وَنَسْتَعِينُهُ، وَنَسْتَغْفِرُهُ، وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا، وَسَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا مَنْ يَهْدِيهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ، وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ. وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الْمُتَّصِفُ بِالْمَكَارِمِ كِبَارًا وَصَبِيًّا. اللَّهُمَّ فَصِّلْ وَسَلِّمْ عَلَي سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَانَ صَادِقَ الْوَعْدِ وَكَانَ رَسُولًا نَبِيًّا، وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ الَّذِينَ يُحْسِنُونَ إِسْلَامَهُمْ وَلَمْ يَفْعَلُوا شَيْئًا فَرِيًّا. أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ رَحِمَكُمُ اللَّهُ، أَوْصِيَنِي نَفْسِي وَإِيَّاكُمْ بِتَقْوَى اللَّهِ، فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِنْ تَنَصَرُوا لِلَّهِ يَنْصُرْكُمْ وَيُثَبِّتْ أَقْدَامَكُمْ.

Hadirin Jamaah Jum'ah Rahimakumullah

Kajadian nganistakeun kana agama Islam téu aya eureunna. Terus lumangsung. Anu panganyarna, aya saurang pulitikus nulis status dina salah sahiji média sosial, “*Karunya pisan Allah SWT Pangeran anjeun geuningan lemah, kudu dibéla sagala.*”

Aya sabagéan golongan anu ngabéla jeung méré dukungan. Maranéhna ngabogaan alesan yén Allah SWT mémang téu perlu dibéla. Ceuk maranéhna, Allah SWT téh Maha Gagah sarta Maha Kuat. Allah SWT téu merlukeun anu ngabéla ti manusa anu lemah. Ngabélaan Allah SWT sarua baé hartina nganggap Allah SWT téh lemah. Kitu nurutkeun pendapat maranéhna.

Perhatikeun! Sikep saperti ieu jelas kacida salahna. Urang sadaya, kaom Muslim kudu bisa ngabédakeun mana bagéan akidah jeung mana bagéan amal. Dina bagéan akidah, satiap Muslim wajib boga kaimanan yén Allah SWT téh Maha Kuat (*Al-Qawiy*), Maha Gagah (*Al-Aziz*) ogé Maha Kuat (*Al-Matin*). Moal aya anu bisa ngelehkeun kakawasaan Allah SWT subhanahu wa ta’ala, sakumaha dawuhan Mantena:

مَا أُرِيدُ مِنْهُمْ مِنْ رِزْقٍ وَمَا أُرِيدُ أَنْ يُطْعَمُونَ. إِنَّ اللَّهَ هُوَ الرَّزَّاقُ ذُو الْقُوَّةِ الْمَتِينُ

Hartosna: “*Kaula téu mikahayang rezeki saeutik ogé ti maranéhna jeung Kaula téu mikahayang supaya maranéhna méré Kaula kadaharan. Saéstuna Allah SWT, Anjeuna anu maparin rezeki, Anu ngagaduhan Kakuatan Anu Maha Kuat*”. (Adz-Dzariyat: 57-58)

Allah SWT SWT mere beja yén sagala perkara bakal binasa, anging Mantena:

كُلُّ شَيْءٍ هَالِكٌ إِلَّا وَجْهَهُ لَهُ الْحُكْمُ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ

Hartosna: “*Sagala rupa perkara pasti bakal binasa, anging Allah SWT. Sagala kaputusan jadi kakawasaan-Na sarta ngan ka mantenna maranehna balik.*”, (al-Qoshosh: 88).

Hadirin Jamaah Jum'ah Rahimakumullah

Hal ieu mangrupikeun bagéan akidah atawa kaimanan. Namung, dina bagéan amal, Allah SWT subhanahu wa ta’ala maréntahkeun kaom Muslim pikeun bébéla kana Agama-Na. Allah SWT subhanahu wa ta’ala ngadawuh:





وَلْيَنْصُرَنَّ اللَّهُ مَنْ يَنْصُرُهُ إِنَّ اللَّهَ لَقَوِيٌّ عَزِيزٌ

Hartosna: “Saéstuna Allah SWT bakal nulungan jalma anu ngabélaan (agama)-Na. Saéstuna Allah SWT Maha Kuat ogé Maha Gagah”. (al-Hajj: 40)

Allah SWT subhanahu wa ta’ala ogé maréntahkeun kaom Muslimin supaya jadi golongan anu nulungan agama-Na:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِن تَنْصُرُوا اللَّهَ يَنْصُرْكُمْ وَيُثَبِّتْ أَقْدَامَكُمْ

Hartosna: “Yeuh jalma-jalma anu ariman! Lamun aranjeun nulungan (agama) Allah SWT, tangtu Mantena bakal nulungan ka aranjeun sarta mancegkeun kadudukan aranjeun”. (Muhammad: 7).

Rosululloh shollAllah SWTu ‘alaihi wa sallam ogé kantos sasauran ka Abdulloh bin Abbas rodhiyAllah SWTu ‘anhu supaya ngajaga Agama Allah SWT:

اِحْفَظِ اللَّهَ يَحْفَظَكَ

“Prak geura raksa (agama) Allah SWT, tangtu Mantena bakal ngaraksa ka anjeun”. (HR at-Tirmidzi)

Hadirin Jamaah Jum’ah Rahimakumullah

Dina kitab Síroh Ibnu Hisyâm diriwayatkeun yén dina hiji waktu Abu Bakar ash-Shiddiq rodhiyAllah SWTu ‘anhu pernah neunggeul kalawan tarik beungeut saurang pendéta Yahudi anu ngarana Finhash kusabab manéhna ngaguguyonkeun ka Allah SWT subhanahu wata’ala. Manéhna nyebutkeun yén Allah SWT téh miskin, sedengkeun kaom Yahudi mah sugih. Ngaléléwéh saperti kitu téh pakait jeung paréntah Allah SWT ka kaom Muslim pikeun méré ‘injeuman anu hadé’ (qordhon hasanan) dina jalan Mantena.

Kulantaran kajadian éta, Finhash ngadukeun Abu Bakar rodhiyAllah SWTu ‘anhu ka Rosululloh shollAllah SWTu ‘alaihi wa sallam. Namung, Allah SWT subhanahu wa ta’ala ngabéla tindakan Abu Bakar ku nurunkeun dawuhana-Na:

لَقَدْ سَمِعَ اللَّهُ قَوْلَ الَّذِينَ قَالُوا إِنَّ اللَّهَ فَقِيرٌ وَنَحْنُ أَغْنِيَاءُ سَنَكْتُبُ مَا قَالُوا وَقَتْلَهُمُ الْأَنْبِيَاءَ بِغَيْرِ حَقٍّ وَنَقُولُ دُوقُوا عَذَابَ الْحَرِيقِ

Hartosna: “Saéstuna Allah SWT geus nguping ucapan jalma-jalma anu nyarita, “Saéstuna Allah SWT téh miskin, samentara urang saréréa kaya”. Kaula bakal nyatet omongan maranéhna téh jeung pagawéan maranéhna ngabunuh nabi-nabi téu maké alesan anu bener. Kaula bakal ngandika (kamaranéhna), “Prak geura rasakeun azab anu ngaduruk (kacida pisan panasna)!” (Ali Imron: 181).

Hayu urang sami-sami nulungan Agama Allah SWT ku kamampuan jeung ka ahlian sewang-sewangan sangkan urang sadaya kenging pitulung ti Allah SWT SWT.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ وَلِجَمِيعِ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ





= KHUTBAH KADUA =

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، وَبِهِ نَسْتَعِينُ عَلَى أُمُورِ الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، وَالصَّلَاةُ
وَالسَّلَامُ عَلَى أَشْرَفِ الْأَنْبِيَاءِ وَالْمُرْسَلِينَ، وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ.
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْمَلِكُ الْحَقُّ الْمُبِينُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ
صَادِقُ الْوَعْدِ الْأَمِينُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ
وَاصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ . اَمَّا بَعْدُ : فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ
إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ . اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ
وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، رَبَّنَا أَنْزِلْنَا مُنْزَلًا مُبَارَكًا وَأَنْتَ خَيْرُ
الْمُنْزِلِينَ . رَبَّنَا افْتَحْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا بِالْحَقِّ وَأَنْتَ خَيْرُ الْفَاتِحِينَ . رَبَّنَا إِنَّا فِي الدُّنْيَا
حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةٌ وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ .
وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ .

Disusun ku Jamal Shidiq, S.Pd.I

Dikualarkeun ku Seksi Bimas Islam Kankemenag Kota Banjar, Jabar

Panyalas Bahasa ku Imam Hamidi Antassalam

